

Dihin Pinasti

Anyar Pinanggih

Dede Kosasih*

Saha nu teu ngangres ningal pirang-pirang jelema jeung sasatoan, ujug-ujug musna kaléléd lambak gangas tsunami. Rupa-rupa wanganan jeung tatangkalan méh rata jeung taneuh. Runtah pasoléngkrah di unggal tempat, ngahunyud di saban juru. Tempat nu tadina éndah jeung asri téh, deudeuh... kiwari ngan kari ruruntuk. Kajadianana wuwuh sakedét nétra éstu teu disangka-sangka. "Kakarénnna" ukur nyesakeun rasa ketir watir ku ningali layon 'ngabarugigag' pabalatak di mana-mana. *Dihin pinasti anyar pinanggih*. Tegesing Alloh parantos mintonkeun kakawasaanana.

Nu saralamet tina gulungan lambak gangas, tingjarerit-tingkarocéak, awor jeung kolot-kolot nu maridangdam leungiteun anakna, kitu deui sabalikna. Nini-nini rawah-riwihi néangan incu kakasih. Lanjang-lanjang ringsik-rangsak kaleleban ku beubeureuhna. Rangda-rangda tingsalegruk micangcam nu jadi salakina. Kokotétingan, mapay-mapay unggal layon. Dilelekan bari disidikeun sugar anakna, sugar bapana, sugar indungna jsté. Ngan lolobana lain jeung lain bae. Pon kitu deui, imah katut harta bandana burakrakan, teu kaciri urut-urutna acan. Loba nu bedah cimata, tinglenggerek baketing ku nalangsa. Papakéan ngan kari saraket awak. Pohara ngangresna lantaran lieuk euweuh ragap taya. Cindekna mah loba nu katalangsara, nunggelis pahatu lalis. Henteu sanak henteu kadang, hirup bet jadi nunggul pinang.

Ningali korban nu kacida rohakana, jadi ngangres kabina-bina. Héabna mungguh kebat ka mana-mana. Tina galona watir jeung ketir, bet ngagédéng rasa kaahéng. Kahemeng téh dumeh ngabandungan nu tumerapna ka pulo Simeulue. Nurutkeun data, nu maot ngan 7 urang tina 6.306 jumlah pangeusina. Mungguh mun ngudag kana logika mah asa pamohalan. Malah éta pulo téh payus mun kudu pangheulana carem kasirna lambak. Pangeusina ogé munasabah mun kudu musna kabéh. Nurutkeun akal séhat -utamana mun nelek-nelek kana kar (peta)- éta pulo téh apan sasatna paeunteung-eunteung jeung pangdeukeutna ka puseur lini. Anggangna ti puseur lini ka éta pulo (Simeulue) téh nurutkeun Dr. Yusuf Surahman, M.Sc. *Direktur Teknologi Inventarisasi Sumber Daya Alam* (TISDA) BPPT, kira-kira 60 km. Bandingkeun jeung ka Banda Aceh anu jarakna kira-kira 400 km. Mungguhing mana kitu oge Gusti téh kagunganeun maksud anu tangtu.

Lian ti geus jadi katangtuan, dihin pinasti anyar pinanggih, cek ujaring carita lobana nu saralamet téh satemenna tumali jeung kapercayaan masarakat kana mitos. Mitos téh sumebarna tatalépa sacara turun-tumurun. Wallahu alam kumaha éta mitos téh *dikemasna*, naha ngaliwatan carita (dongéng), pakeman basa, totondén jsté. Ngan seuhseuhanana eusina mangrupa pépéling nu kacida dipuhit ku masarakatna. Cék sakaol, napakna ieu mitos, gelar tina luang nu kaalaman karuhunna dina abad 19-an. Bawirasa lamun nuduhkeun dina abad 19-an gedé kamungkinan tumali jeung bituna gunung Rakata (Krakatau) dina tanggal 27 Agustus 1883.

Waktu gunung Rakata bitu, cenah laut téh kawas nu kaserot. Basisirna ogé nepi ka saat ngolétrak. Loba lauk nu tinggolépak kasaatan. Jalma-jalma pahibut nyarokotan lauk. Tapi teu kungsi lila basisir nu tadina ngolétrak téh ngadak-ngadak pasang. Ujug-ujug léb baé kagulung ku lambak - harita mah can aya istilah tsunami- anu pohara ngagulidagna méh 24 m luhurna. Jelema nu ngaralaan lauk téh kabéh carem kaléléd lambak. Lambak nu rosa kebat hanjat ka darat, neumbrag jeung ngababukan saniskara nu ngalahangan. Sabada surud, naon baé anu kasorang ku cai tuluy kabawa palid ka tengah laut. Tatangkalan, sasatoan jeung pirang-pirang jalma lir beunang nyapukeun baé, jadi runtah di tengah laut.

Sapanjang basisir Sumatra (Samudra Hindia) utamana pulo Simeulue ogé kalembak. Pirang-pirang pangeusina musna kabawa cai. Nya ku karuhun éta pulo, utamana ku nu salamet, éta kajadian téh dijadikeun catetan minangka pépéling keur sékésélérna. Éta pépéling téh salahsahijina ditépakeun ngaliwatan kila-kila. Kila-kilana di mana dunya ngariyeg, basisir ngolétrak, mangka kudu gura-giru maribus ka leuweung atawa tempat anu laluhur. Tah waktu dunya ngariyeg (tanggal 26 Désémber n.a.k) urang Simeulue mah cenah, cul naon-cul naon berebet baé maribus ka pagunungan. Da kitu mungguh nurutkeun unggelna mitos. Teu wudu ogé ari lemburna mah burakrakan. Ngan meureun, *early warning system* salaku antisipasi gempa & tsunami nu kakara rék dibaladah ku pamaréntah, méh tinggaleun ketak ku urang Simeulue. Da keur urang Simeulue mah *early warning system* enas-enasna mah pan nyampak dina mitos téa.

Nurutkeun sawatara keterangan, pangna urang Simeulue loba nu saralamet téh ogé disundang ku muhitna kana kapercayaan patali jeung rupa-rupa pantrangan. Upamana, urang Simeulue teu weléh mupusti alam sabudeureunana (leuweung) lantaran patali sieun ku saniskara pantrangan téa. Warga umumna tuhu kana papatah jeung kacida gimirna kana éta pantrangan. Lantaran lamun éta pantrangan dirempak balukarna baris nimbulkeun mamala boh ka dirina boh ka lingkunganana. Gugon tuhon masarakatna kana pantrangan téa, tumerapna leuweung-leuweung jadi angger weuteuh jeung sanget lantaran taya nu ngagunasika. Munasabah ku weuteuhna leuweung, geus bisa nahan panarajang rohakana lambak tsunami téa.

Apanan ajén-inajén budaya karuhun bangsa Indonesia baheula, kacida mupusti alam sabudeureunana. Lantaran anggapanana yén unggal barang, lian ti mahluk hirup, ogé ngabogaan jiwa atawa roh. Nya teu anéh mun baheula mah lamun rék nuar kai gedé téh paribasana henteu wasa lantaran kacida sakralna utamana sieun aya mamala. Kai-kai téh kakara dituar lamun saméméhna dilaksanakeun heula ritual. Nurutkeun anggapanana yen kai téh seuhseuhanan mah barang hirup nu ngabogaan jiwa (roh). Ku kituna, éta kapercayaan téh méh nanceb dina batin-batin urang Simeulue. Éta mitos minangka sawangan hirupna (*weltanschauung*) pikeun numuwuhkeun kasadar jeung kasieun masarakatna sangkan tetep mulasara harmonisna hubungan antara manusa jeung alamna.

Munasabah kaahéngan nu tumiba ka pangeusi pulo Simeulue téh teu leupas tina kahanan rupa-rupa mitos nu dianutna. Jadi, ditilik tina kajian folklor jeung antropologi mah mitos téh ngabogaan pirang pirang kagunaan, di antarana pikeun ngadalikeun masarakatna (*social control*), alat pendidikan (*pedagogical device*), jeung alat "pemaksa" sarta "pengawas" sangkan norma-norma salawasna digugu tur diturut ku anggota masarakatna. Cindekna, lamun mitos dipiara ganjaranana bakal salamet, sabalikna mun mitos diluli-luli balukarna bakal nandangan mamala.

Tina musibah di Acéh jeung Sumut nu pikaketireun, -utamana pasca tsunami- tééla keur urang mah loba pisan tapakureunana. Hikmah naon nu nyumput disatukangeunana? Bawirasa nyangkarukna wuwuh aya dina haté-haté nu jalembar. *Banda sasampiran nyawa gagaduhan*. Wallahu alam***

Tina Mangle No. 2009

Kolom Pinilih Manglé Bulan Maret 2005